

Fèy Enfòmasyon siplemantè pou Founisè Endividyèl yo

Fich enfòmasyon sa a gen entansyon pou ede Founisè Endividyèl yo konprann règleman sou limit semèn travay ak lè siplemantè. Tanpri kontakte manadjè dosye kliyan an oswa vizite www.dshs.wa.gov/altsa/IPOT pou w jwenn plis enfòmasyon.

ENFÒMASYON JENERAL SOU LÈ SIPLEMANTÈ

1. Kisa Yon 'semèn travay ye'?

Yon semèn travay kòmanse nan Dimanch a 12:00 a.m. (minwi) e li fini samdi ki vini apre a nan 11:59 p.m.

2. Kisa Limit yon Semèn Travay Ye (WWL)?

Yon WWL se kantite total èdtan sèvis ou ka traay nan yon semèn travay. Yon lwa Eta Washington nan 2016 etabli limit sou kantite èdtan yon Founisè Endividyèl (IP) ka travay nan yon semèn travay. Tout IP yo gen yon limit semèn travay (WWL). Ou ka travay sèlman jiska WWL ou lè yo asiye èdtan sa yo a oumenm pa youn oswa plis kliyan e kliyan wap travay pou li a kalifye pou resevwa èdtan yo. Kliyan an ka pa anmezi pou bay plis èdtan pase sa ki evalye pa mwa nan Plan Swen yo. WWL ede kontwole depans lè siplemantè pou asire finansman rete disponib pou sèvis yo pou tout moun ki bezwen yo.

3. Kijan DSHS detèmine WWL pèmanan mwen ak kijan map fè konnen WWL pèmanan mwen an?

Eta te pase yon lwa nan mwa Avril 2016. Lwa sa a etabli yon WWL 40 èdtan pou tout IP yo sof pou sila yo ki te travay an mwayèn plis pase 40 èdtan sèvis pa semèn nan Janvyè 2016. Yo te detèmine WWL plis pase 40 èdtan lè yo divize èdtan sèvis IP ki te peye nan Janvyè 2016 pa 4.33 epi awondi nan kadè ki pi pwòch la. Nan Me 2016, DSHS te voye avi pa lapos bay IP yo ki te travay nan Janvyè 2016 avèk enfòmasyon WWL yo. Okenn WWL pèmanan pa dwe depase plis pase 65 èdtan. Si w te kòmanse travay kòm yon IP apre Janvyè 2016, WWL ou se 40 èdtan.

4. E si mwen panse ke yo pat byen detèmine WWL pèmanan mwen an?

Si w panse ke yo pat byen detèmine WWL ou, ou ka soumèt yon demann bay manadjè dosye kliyan e DSHS ap revize èdtan ou yo dapre kòd Administratif Washington 388-114-0050.

5. Èske WWL pèmanan mwen ap janm chanje?

Si WWL pèmanan w se ant 60.25 ak 65 èdtan, lap redwi a 60 èdtan nan dat 1ye 2017 Jiyè sof si gen yon chanjman nan lwa a. Otreman, WWL pèmanan w pap chanje osi lontan ke ou rete kalifye kòm yon IP. WWL ou ap rete tou menm jan si ou te gen yon entèripsyon nan sèvis epi retounen tankou yon IP nan lavni.

6. Ki sèvis ki enkli nan èdtan sèvis nan WWL mwen an?

- Swen Pèsonèl
- Swen Sekou
- Fòmasyon nan Akizisyon Konpetans
- Swen Relèv

7. Èske WWL mwen an aplike pou tan vwayaj, DSHS mande fòmasyon, oswa tan konje peye (PTO)?

Non, Tan vwayaj, DSHS mande fòmasyon, e PTO pa enkli nan WWL ou a. Sa vle di ou ka travay jiska WWL ou fè travay pou kliyan an jan sa nesèsè, menm nan semèn tou ou gen fòmasyon obligatwa, lè vwayaj apwouve, oswa pran PTO.

PEYE LÈ SIPLEMANTÈ (OT)

8. Kijan yo kalkile OT mwen an ki peye?

Yo peye w salè regilye ou pou tout lè ou travay jiska 40 èdtan nan yon semèn travay. Pou tout lè ou travay plis pase 40 èdtan, yo peye w nan pousantaj 1.5 fwa salè regilye w. Sistèm Peman IPOne nan peye tout kantite lajan èdtan ou travay nan yon semèn travay nan salè regilye w (refere tankou "to konplè"). Li montre OT a kòm yon pousantaj siplemantè ½ pou èdtan OT yo. Total sa yo ajoute ansanm pou peman final la.

Egzanp:

Ou te travay 45 èdtan nan yon semèn travay e to regilye w se \$12/èdtan.

Peman w ap:

45 èdtan x \$12 pa èdtan (to konplè) = \$540

+ 5 èdtan siplemantè x \$6 (mwatye to) = \$30

Total \$540 + \$30 = \$570

OT a afiche nan Deskripsyon Rezime Peman e li divize nan seksyon salè a. Nan egzanp sa a Seksyon Salè a ta montre 45 èdtan swen pèsone ak 5 èdtan OT.

9. Èske yap peye m pou tan vwayaj OT yo, DSHS mande fòmasyon, oswa tan konje peye (PTO)?

Wap touche OT pou tan vwayaj ak fòmasyon obligatwa DSHS si èdtan total ou te travay nan yon semèn travay plis pase 40. Èdtan PTO yo pa konsidere tankou èdtan travay, kidonk yo pap janm kalifye pou peman OT.

ENFÒMASYON POU IPS KI GEN YON WWL PÈMANAN 40 ÈDTAN

10. Èske mwen ka travay plis pase 40 èdtan nan yon semèn travay?

Ou ka pa travay plis pase 40 èdtan sèvis nan yon semèn travay sof si ou te resevwa apwobasyon yon kliyan spesifik nan DSHS pou travay tanporè plis pase 40 èdtan.

11. Èske m ka travay plis pase WWL pèmanan m si map travay pou anpil kliyan?

Ou dwe jere tout èdtan sèvis kliyan yo nan limit WWL pèmanan w lan, kèlkeswa pou kantite kliyan wap travay. Si w travay pou plis pase yonsèl kliyan, ou dwe pwograme tan w pou chak ladan yo pou asire ke, lè ou ajoute tout èdtan sèvis ou yo ansanm, ou pa travay plis pase WWL pèmanan w.

12. Kisa mwen ta dwe fè si kliyan map travay pou li a vle pwograme m pou m travay pou plis plis èdtan travay pase sa mwen gen disponib nan WWL pèmanan m?

- Eksplike ou pa otorize pou travay plis pase WWL ou e sa ta konsidere tankou yon reklamasyon ki depase limit. Gade #19 pou w jwenn plis enfòmasyon sou reklamasyon ki depase limit
- Pa aksepte travay ki pral lakoz ou travay plis pase WWL ou.
- Ankouraje kliyan an pou l itilize yon founisè adisyonèl.
- Ankouraje kliyan an pou l kontakte manadjè dosye l si kliyan an gen difikilte pou konprann limit ou oswa ou pa ka jwenn yon founisè adisyonèl.
- Gade #18 nan paj 3 pou w jwenn plis enfòmasyon sou bezwen ijan ak imedyà.

Fèy Enfòmasyon siplemantè pou Founisè Endividyèl yo

ENFÒMASYON POU IPS KI GEN YON WWL PÈMANAN 40.25 ÈDTAN OSWA PLIS

13. Èske mwen ka travay plis pase 40 èdtan nan yon semèn travay?

Si w te resevwa yon avi alekri nan DSHS ke WWL pèmanan w pi gran pase 40 oswa si w te gen yon apwobasyon ogmantasyon pou yon kliyan spesifik WW, ou ka travay jiska kantite èdtan ki nan avi w la.

14. Kisa mwen ta dwe fè si mwen travay pou plis pase yonsèl kliyan?

Tanpri gade repons a kesyon #11 la.

15. E si kliyan map travay avèk li a vle mwen ajiste èdtan mwen yo pou m travay plis pase WWL pèmanan mwen an nan yon semèn?

Ou ka anmezi pou ajiste èdtan ou yo si tout sa ki annaprè yo se laverite:

- Kliyan an gen yon bezwen; e
- Travay lè siplemantè a pap depase èdtan mansyèl evalye kliyan; e
- Travay plis nan yon semèn pap lakoz kliyan rete san swen esansyèl nan lòt semèn yo nan mwa; e
- Travay plis nan yon semèn pap oblije ou travay plis lè siplemantè nan mwa ou ta travay si w te travay nan WWL chak semèn nan mwa sa a.

Lè WWL ou depase 40, ou ka ajiste èdtan ou yo jan sa nesèsè osi lontan ke ou pa travay siplemantè nan yon mwa ou ta nòmalman travay. Yo kalkile kantite èdtan siplemantè chak mwa lè yo soustrè 40 èdtan nan WWL ou a epi miltipliye rès la pa kantite Samdi nan mwa sa.

Egzanp:

WWL Jose se 46 èdtan. Kantite Lajan lè siplemantè chak mwa ke Jose ka travay depann sou kantite Samdi nan mwa lap travay.

Kalkil 5 Samdi yo: $46 - 40 = 6 \times 5 = 30$

Kalkil 4 Samdi yo: $46 - 40 = 6 \times 4 = 24$

Kliyan Jose ap travay pou li a bezwen pou l travay nan yon orè fleksib pandan tout mwa a, sa Jose ka fè osi lontan ke li pa travay plis pase 30 èdtan siplemantè nan mwa avèk 5 samdi, oswa 24 èdtan nan mwa yo avèk 4 samdi.

Ou ka ajiste tou èdtan w yo pou travay plis pase WWL ou si kliyan wap travay avèk li a ap achte lè siplemantè anplis yo avèk nouvo bidjè New Freedom oswa Veteran Directed Homecare Services.

16. Kisa mwen ta dwe fè si kliyan map travay pou li a vle pwograme m pou m travay plis èdtan siplemantè pase sa mwen gen disponib nan WWL pèmanan mwen an?

Tanpri gade repons a kesyon # 12.

LIMIT SEMÈN TRAVAY SPESIFIK KLIYAN TANPORÈ (CSWWL)

17. Kisa Yon CSWWL ye?

Kliyan wap travay pou li a ka mande DSHS pou tanporèman ogmante WWL ou pandan lap chèche lòt founisè pou reponn a bezwen yo. DSHS ap reponn ou pa lapos avèk yon lèt apwobasyon oswa refi alekri. Si l apwouve, avi a ap di w tou dat apwobasyon an te kòmanse ak fini ansanm avèk kantite èdtan ki te apwouve. Kliyan wap travay pou li a ap resevwa yon kopi tou. Demann sa a/notifikasyon alekri konnen tou tankou yon demann CSWW. DSHS pap apwouve yon WWL tanporè ki depase èdtan evalye chak mwa kliyan an.

BEZWEN IJAN

18. Kisa mwen ta dwe fè si m te travay tout èdtan yo nan WWL mwen an men kliyan an gen yon bezwen imedyat ak ijan e mwen dwe kontinye travay pou m sipòte sante oswa sekirite kliyan an?

- Rete avèk kliyan an jiskaske sitiyasyon an ansekirite ak estab.
- Si gen yon ijans ki mande sèvis medikal ijans, kontakte 9-1-1.
- Fini jounen travay ou opli vit ke li ansekirite pou fè sa.
- Kontakte manadjè dosye a nan pwochen jou ouvrab la pou eksplike sitiyasyon an.

REKLAMASYON KI DEPASE LIMIT

19. Kisa reklamasyon ki depase limit ye?

Reklamasyon ki depase limit rive lè:

- Ou travay plis èdtan sèvis nan yon mwa pase sa ou te otorize pou bay; oswa
- Ou travay èdtan ki depase WWL ou ke DSHS pat apwouve; oswa
- Ou reklame plis tan vwayaj pase sa ou te otorize pou bay nan yon semèn travay.

20. Kisa ki se yon Aksyon Kontra?

Yon aksyon kontra se yon avi DSHS voye ba ou. Avi a enfòm w ke ou travay plis lè siplemantè pase èdtan sèvis oswa èdtan lè vwayaj ki te apwouve pou travay.

21. Kisa ki pase si mwen travay plis pase WWL mwen oswa limit tan vwayaj?

- Chak fwa ou depase limit reklamasyon w, wap resevwa yon avi aksyon kontra alekri ak enfòmasyon ki soti nan DSHS kap fè w sonje enpòtans pou pa travay èdtan siplemantè ki pa apwouve. Yap voye yon avi tou bay kliyan (yo) wap travay avèk yo a ansanm avèk reprezantan yo.
- Nan twazyèm okazyon ou depase limit reklamasyon an, yo ka mete fen nan kontra oswa ou ka vin pa kalifye pou resevwa peman pou 90 jou. Si yo mete fen nan kontra w, ou dwe rete tann 90 jou anvan ou kalifye pou gen yon nouvo kontra.
- Si ou depase tan limit lè vwayaj semèn travay ou souvan oswa nan fason konsiderab, DSHS ka mete fen nan kontra w pou defo epi deklane pou reprann kontra avèk ou.

22. Pandan konbyen tan aksyon kontra ap rete nan dosye kontra m?

Chak aksyon kontra ap rete ouvè pou 12 mwa apati dat avi aksyon kontra a. Apre 12 mwa, aksyon kontra a ap fèmen.

23. Kijan mwen ka evite aksyon kontra?

- Toujou planifye orè travay ou alavans epi ekri l.
- Si bezwen kliyan an chanje e ou gen pou travay nan yon orè diferan ki afekte WWL ou, kontakte manadjè dosye kliyan an touswit.
- Anrejistre lè travay ou nan fèy prezans ou apre chak jou ou travay, li ka ede pou anrejistre l tou sou yon kalandriye papye. Tcheke souvan pou asire ou rete nan limit WWL ou.
- DSHS gen resous disponib pou ede w e anplwayè/kliyan ou ap aprann plis enfòmasyon sou jere orè w pou rete nan limit WWL ou. Resous sa yo disponib nan www.dshs.wa.gov/altsa/IPOT.